

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Rekòt Bondye

Yon madanm yo rele Christa t ap travay yon fwa pou yon ti konpayi semans. Li te renmen travay li. Sete yon sous gwo emèveyman pou l te wè chak ti semans tou piti li te vann te gen kapasite pou transfòm l vin tounen yon bagay mirakile—yon kawòt, yon chou, oswa menm yon gwo pye bwadchèn.

Christa te renmen chita sou konpitè a ap resevwa kòmand e reponn kesyon. Men yon jou, li te resevwa yon plent ki te etone li.

Kliyan an te di: “Semans yo pa mache. Sa gen de mwa depi m achte yo e yo toujou pa bay anyen.”

Christa te mande l: “Èske ou te plante yo nan bon tè e ba yo ase dlo ak solèy?”

Kliyan an te reponn: “Non, men m te fè pati pa m nan. M achte semans yo. Apre tou, nou ban m *garanti* ke y ap pouse.”

“Men èske w pa plante yo?”

“O non. Sa t ap vle di pou m al sal men mwen.”

Christa te panse sou sa epi l te deside ke li dwe ekri direksyon pou plante yo. Li te deside ke premye direksyon an se t ap: “Ou dwe suiv enstriksyon pou plante yo pou semans yo ka pouse. Ou pa ka depoze yo sou yon etajè epi pou w atann ke y ap pouse.”

Sa pat pran lontan pou yon lòt plent te etone li.

Yon kliyan te di: “Semans yo pa pwodui.”

Christa te reponn: “Èske w te plante yo nan bon tè? Èske w te ba yo kantite dlo ak kantite solèy apwopriye?”

Kliyan an te ensiste: “O, wi. M fè tout bagay sa

yo—ekzakteman jan yo di sou anbalaj la. Men sa pa mache.”

“Èske ou pa wè anyen menm? Èske yo pa pouse?”

Kliyan an te di: “Anyen menm. M plante yo jan yo mande a. M te espere ke m t ap gen tomat pou m manje. Kounyeya m desi anpil.”

Christa reponn: “Tann. Èske w vle di m ke ou plante semans yo jodia?”

Kliyan an reponn: “Pa jwe non! M te plante yo sa gen yon semèn. M pa t ap tann pou m wè tomat nan premye jou a; m te gen pasyans. Kite m di ou, te gen anpil wouze ak tann ant lè m te plante yo a ak kounyeya.”

Christa te konnen ke l te dwe ajoute yon lòt direksyon: “Semans sa yo konfòm ak lwa biyoloji a. Si ou plante semans yo nan maten epi ou atann pou w manje tomat apre nan menm semèn nan, wa pral desi. Ou dwe gen pasyans epi tann pou travay lanati fèt devan ou.”

Tout bagay te anfòm jiskaske Christa te resevwa yon lòt plent.

Kliyan an te kòmanse: “M desi anpil de semans ou yo. M plante yo egzakteman jan yo rekòmande sou pake a. M ba yo dlo, m fè si ke yo pran solèy, e m tann jiskaske finalman yo te pwodui rekòt yo.

Christa di: “Sanble ke ou fè tout bagay dwat.”

Kliyan an te reponn: “Sa bon. Men se zoukini yo ban mwen!”

Christa di: “Kaye a montre mwen ke se semans sa yo ou te kòmande.”

“Men, m pa vle zoukini; m vle joumou!”

“M pa konprann.”

“M te plante semans yo nan kare joumou m nan—menm tè a ki te pwodui joumou ane pase a. M te pale avèk plant yo chak jou, m te di yo ki kalite bèl joumou y ap vin tounen. Men olye de gwo joumou jòn byen won, mwen jwenn zoukini vèt byen long. Yon pakèt!”

Lè sa a Christa te reyalize ke direksyon yo petèt pa sifi e li te nesèsè pou l te deklare yon prensip: “Semans ou plante a ak tan plante a detèmine rekòt la.”

Lwa rekòt la

Apot Pòl te anseye lwa rekòt Bondye a:

“Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte.

“Paske, moun ki simen sa ki fè kò l plezi, li gen pou l rekòlte lanmò; Men, moun ki simen sa ki fè Lespri a plezi, Lespri a va fè l rekòlte lavi ki pap janm fini an.

“Pa janm bouke fè byen; paske si nou pa dekouraje, na rekòlte lè lè a va rive” (Galat 6:7–9).

Nan dènye tan sa yo, Senyè a ba nou sajès ak konsèy adisyonèl pou lwa enchanjab sa a:

“Gen yon lalwa oubyen yon règ irevokab ki dekrete nan syèl la anvan fondasyon mond sa a, sou lalwa sa a tout benediksyon tabli—

“Epi lè nou resevwa nenpòt benediksyon nan men Bondye, se nan obeyisans lalwa sa a kote benediksyon an table a” (D&A 130:20–21).

Sa nou simen, se sa nou rekòlte.

Rekòt Bondye a enkwayableman gloriye. Pou moun ki onore li, benediksyon abondan vini nan “bon mezi, byen souke, byen foule, ak tout tiyon l” (Lik 6:38).

Tou kòm semans terès yo mande efò ak pasyans lan, se konsa sa ye tou pou anpil benediksyon k sot nan syèl la. Nou pa ka depoze relijyon nou sou yon etajè epi pou nou atann n ap rekòlte benediksyon espiyèl. Men si nou plante prensip levanjil yo epi nou nourri yo nan lavi fanmi nou chak jou, gen gwo pwobablite ke pitit nou yo ap grandi pou pwodui lafwa espiyèl ki gen gran valè pou yo ak pou jenerasyon k ap vini yo.

Repons Bondye pou priyè nou yo pa toujou vini imedyatman —pafwa se kòm si yo pa vini ditou—men Bondye konnen sa ki pi bon pou pitit li. Asireman, yon jou nou pral wè pi klè; epi jou sa a nou pral rekonèt bonte ak jenewozite syèl la.

Antretan, objektif nou ak gwo lajwa nou se mache sou tras Mèt nou ak Sovè nou an epi pou n viv bon lavi rafine pou rekòt presye benediksyon san parèy yo pwomèt nou yo kapab reyalize.

Sa nou simen, se sa n ap rekòlte.

Sa se lwa syèl la.

Sa se lwa rekòt Bondye a.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Diskite avèk moun w ap vizite yo sou fason lwa rekòt Bondye a aplike pou relasyon, konvèsyon ak temwayaj, oswa karyè ak objektif pou pran fòmasyon. Ou ka li ak konsidere ekriti ki pale de lwa sa yo, tankou Pwovèb 11:18; 2 Korentyen 9:6; ak Alma 32. Ankouraje yo pou yo repase bi anvan yo epi fikse nouvo bi pou atenn rezilta ki jis. Ede yo devlope yon plan pou aji tout tan pou yo ka atenn objektif alontèm yo genyen yo.

TIMOUN

Planifye mwason ou

Lwa mwason Bondye a sèke si nou vle yon bagay apre, nou dwe travay pou li kounyeya. Si nou vle fè yon jaden, nou bezwen plante semans yo, wouze yo, epi proteje yo kont movèzèb. Si nou pa fè sa, nou pap gen rekòt nan apre!

Anba la a gen yon lis kèk bon “fwi” nou ka vle genyen nan lavi nou. Ekri kèk bagay ou kapab fè mwa sa a pou ede ou resevwa benediksyon sa yo.

- Yon kay ki gen lajwa
- Edikasyon
- Bon zanmi
- Batèm ak Konfimasyon
- Temwayaj konsènan Jezikri



Lafwa, Fanmi, Sekou

Misyon divin Jezikri: Sèvi

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo a travè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri mesaj vizit nan fwaye ki dekri asè sou misyon Sovè a.

Ekriti yo anseye ke nou ka demere nan prezans Bondye “akoz merit, ak mizèrikòd ak lagras Mesi ki Sen an” (2 Nefi 2:8). Mesi se “yon mo Arameyen ak Ebre ki vle di ‘wen an.’ . . . Nan Nouvo Testaman an yo rele Jezi Kris la, ki se ekivalan Grèk pou Mesi. Sa vle di Pwofèt, Prèt, Wa, ak Liberatè.”¹

Èldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot yo te temwaye: “Mwen konnen [Jezikri] se Sen Izrayèl la, Mesi a ki gen pou retounen nan la-glwa finalman an, pou l reye sou tè a antanke Senyè tout senyè ak Wa tout wa. M konnen pa gen okenn lòt non anba syèl ble a ki kapab sove lèzòm e se sèlman si nou re-poze totalman sou merit, mizèrikòd ak lagras enfini li nou kapab sove.”²

Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye

Prezidans lan, te di: “[Jezikri] se Sovè ak Redanmtè mond lan. Li se Mesi pwomi a. Li te mennen yon lavi ki te pafè e li te ekspye pou peche nou yo. L ap toujou bò kote nou. L ap konbat pou nou. Li se espwa nou; Li se sali nou, li se chemen an.”³

Ekriti adisyonèl

Jan 1:38–41; 4:25–26, 40–42;
2 Nefi 6:13; 25:16–17

Nan ekriti yo

Disip fi Kris la yo te temwen wòl li antanke Mesi a. Mari Magdala sete yon disip Jezikri. Li sete premye moun ki te wè “yo te wete wòch ki te fèmen bouch kavo a” jou maten Rezirèksyon Kris la. Li te “rete kanpe tou kavo a ap kriye” apre l te fin dekouvri ke kò a pa t nan kavo a ankò.

Epi “li vire tèt li, li wè Jezi ki te

kanpe la, men li pa t rekonèt si sete Jezi.

“Jezi mande li, Madanm, poukisa w ap kriye konsa? Ki moun w ap chèche? Mari menm te kwè sete mèt jaden an, se poutèt sa li te di l, Mesye, si se ou menm ki wete l, di m ki bò ou mete li. Ma v al pran li.

“Jezi di li, Mari. Mari vire bò kot Jezi, li di l an lang ebre, Rabouni; sa vle di: Mèt” (Gade Jan 20:16).

NÒT

1. Guide to the Scriptures, “Messiah”; scriptures.lds.org.
2. Jeffrey R. Holland, “The Only True God and Jesus Christ Whom He Hath Sent,” *Liahona*, Nov. 2007, 42.
3. Dieter F. Uchtdorf, “The Way of the Disciple,” *Liahona*, Me 2009, 78.

Panse sou sa

Poukisa li enpòtan pou nou konprann wòl Sovè a antanke Mesi a?